



KHUTBAH BAHASA SUNDA KAUTAMAN SASIH SYA'BAN

= KHUTBAH PERTAMA =

أَلْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي نَوَّرَ قُلُوبَ الْمُؤْمِنِينَ بِنُورِ الْهُدَايَةِ وَالْيَقِينِ. أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ الْمَلِكُ الْحَقُّ الْمُبِينُ، وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ صَادِقُ الْوَعْدِ الْأَمِينُ. اللَّهُمَّ فَصِّلِي وَسَلِّمْ عَلَيَّ سَيِّدِ الْأَنْبِيَاءِ وَالْمُرْسَلِينَ، وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ أَجْمَعِينَ. فَيَا أَيُّهَا النَّاسُ اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تَقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ. أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ، بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ، قُلْ إِنْ كُنْتُمْ تُحِبُّونَ اللَّهَ فَاتَّبِعُونِي يُحْبِبْكُمُ اللَّهُ وَيَغْفِرْ لَكُمْ ذُنُوبَكُمْ وَاللَّهُ غَفُورٌ رَحِيمٌ.

Hadirin Jamaah Jum'ah Rohimakumullah.

Alhamdulillah dina dinten Jum'at iyeu urang tos lebet kana sasih Sya'ban. Bulan anu diapit ku dua bulan anu ngagaduhan kaistimewaan sareng kautamaan. Nyaeta Rojab sareng Romadlon.

Dina sasih ieu aya kajantenan anu kalintang pentingna diperhatoskeun kuurang nyaeta: Bakal disanggakeun amalna sakabeh manusa ka Alloh SWT. Teras dina pertengahan sasih sa'ban ieu anu kamashur nyaeta Nisfu Sya'ban (pertengahan sasih sya'ban), pakait sareng nisfu sya'ban kangjeng Rosul oge ngadawuh dina salah sawios hadits shohih:

إِنَّ اللَّهَ لَيَطَّلِعُ فِي لَيْلَةِ النِّصْفِ مِنْ شَعْبَانَ، فَيَغْفِرُ لَجَمِيعِ خَلْقِهِ إِلَّا لِمُشْرِكٍ أَوْ مُشَاجِنٍ

Hartosna: "Saenyana Allah bakal mariksa dina satiap peuting nishfu Sa'ban. teras mantena ngahampura kasakabeh makhluk-Na, kecuali jalma anu musyrik atawa anu teu akur jeung barayana."

Hadirin Jamaah Jum'ah Rahimakumullah

Teras amal naon anu dipidamel ku kangjeng Rosul SAW, dina sasih sya'ban ieu?... Margi kalintang peryogina kanggo urang sadaya anu hoyong kenging panghampura sareng rohmat ti Alloh SWT. Utamina dina sasih sya'ban ieu, urang kedah tumut ka mantena dina sunahna atanapi ibadahna. Pidawuh Alloh dina surat Al-Imron ayat 31:

قُلْ إِنْ كُنْتُمْ تُحِبُّونَ اللَّهَ فَاتَّبِعُونِي يُحْبِبْكُمُ اللَّهُ وَيَغْفِرْ لَكُمْ ذُنُوبَكُمْ وَاللَّهُ غَفُورٌ رَحِيمٌ

Hartosna: "Pok caritakeun Muhammad: "Lamun aranjeun micinta Alloh, prak geura tuturkeun kaula, maka Alloh bakal micinta aranjeun, jeung Alloh maha jembar pangampura, oge anu maha welas asih." (QS. Ali Imran : 31)



Diantawisna amalan kangjeng Rosul SAW, dina sasih sya'ban nyaeta:

Kahiji, Mantenna seueur saom sunat. Pidawuhna anu di riwayatkeun ku Anas bin

Malik:

حَدَّثَنِي أُسَامَةُ بْنُ زَيْدٍ قَالَ قَالَ فُلْتُ يَا رَسُولَ اللَّهِ لَمْ أَرَكَ تَصُومُ شَهْرًا مِنَ الشُّهُورِ مَا تَصُومُ مِنْ شَعْبَانَ قَالَ ذَلِكَ شَهْرٌ يَغْفُلُ النَّاسُ عَنْهُ بَيْنَ رَجَبٍ وَرَمَضَانَ وَهُوَ شَهْرٌ تُرْفَعُ فِيهِ الْأَعْمَالُ إِلَى رَبِّ الْعَالَمِينَ فَأُحِبُّ أَنْ يُرْفَعَ عَمَلِي وَأَنَا صَائِمٌ .

Hartosna: "*Usamah bin Zaid nyarios ka Rosululloh, "Ya Rosulalloh, kami teu pernah ningali anjeun saom dina sasasih lamina tina pirang-pirang sasih nyaeta saom tina sasih sya'ban." Rosululloh ngawaler, "ieu sasih anu dipopohokeun ku lolobana manungsa, nyaeta antara bulan Rajab jeung Ramadhon. Dina sasih ieu diangkat amal kahadean manusa ka Pangeran ieu alam. Kusabab kitu kami hayang saat amal kami diangkat ka Alloh, kami keur puasa." (HR. An-Nasa'i).*

Hadirin Sami Minulyaken Allah..

Tina katerangan hadits nembe, tiasa kauninga ku urang sadayana, yen puasa sunnah dina sasih Sya'ban teh kalintang saena, kumargi dina waktosna tutup buku amal-amal urang dina salami sataun, urang aya dina kaayan keur ibadah puasa.

Seueur ulama anu ngajelaskeun yen Puasa Sunnah dina bulan Sya'ban teh ngabogaan kaistimewaan khusus, sakaligus persiapan keur nyanghareupan puasa Romadhon. Teras dina bulan Sya'ban eta sakabeh amal perbuatan manungsa di sanggakeun ka Alloh SWT.

Kumargi kitu, kangjeng Rosul seueur saom sunat saparantos romadhon nyaeta dina sasih sya'ban, tujuan mantena teu aya sanes nyaeta, nalika amalna diangkat ka Alloh SWT. Mantena nuju dina kaayaan saom.

Kadua, Mantena dina wengina seu-eur midamel sholat sunat, malih hadits anu kamashur mah kanjeng Rosul sampeanana dugi barareh, kumargi lami sholatna dina wengian sasih sya'ban.

Katiluna, nyueurkeun midamel amal sholeh anu sanesna sapertos Dzikir, maos Qur'an, infaq, sodaqoh sareng silaturrahim.

Hadirin Ahli Jum'ah Anu Mulya..

Syeh Ibnu Taimiyah nandeskeun: perkawis "Weungi Nisfu Sya'ban, dina Nisfu sa'ban teh aya kautamian kanggo urang sadaya." Malih sabagian ulama salaf tigolongan tabi'in di



nagari Syam, sapertos Khalid bin Ma'dan sareng Luqman bin Amir, aranjeuna ngahirupkeun wengi nisfu sa'ban ku karempel di masjid-masjid kanggo ngalaksanakeun ibadah-ibadah sunat. Nya ti aranjeuna diantawisna kaum muslimin ngalaksanakeun kabiasaan dina nisfu sya'ban. Teras Imam Ishaq Ibnu Rahawah nandeskeun, "ieu teh sanes bid'ah!".

Mugi perbentenan pendapat perkawis Nishfu Sya'ban ieu dimaknaan kalayan sasae-saena supados teu dugi ka kajantenan perpecahan umat sahingga teu janten ngahalangan urang sadaya kana midamel amal ibadah dina sasih sya'ban ieu.

بَارَكَ اللهُ لِي وَلَكُمْ وَلِجَمِيعِ الْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ إِنَّهُ هُوَ الْغَفُورُ الرَّحِيمُ

= KHUTBAH KADUA =

الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي أَمَرَ نَبِيَّكَ ذِكْرَ اللَّهِ وَامْتِنَالَ أَوْامِرِ اللَّهِ وَاجْتِنَابِ نَوَاهِيهِ. أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدَهُ وَرَسُولَهُ، اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَى عَبْدِكَ وَرَسُولِكَ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ. أَمَّا بَعْدُ: فَيَا عِبَادَ اللَّهِ، اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تَقْوَاهُ وَأَحْتُكُمُ وَإِيَّايَ عَلَى طَعَةِ اللَّهِ وَطَعَةِ رَسُولِهِ فِي كُلِّ وَقْتٍ لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُونَ. اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ وَالْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ. رَبَّنَا أَنْزِلْنَا مُنْزَلًا مُبَارَكًا وَأَنْتَ خَيْرُ الْمُنْزِلِينَ. رَبَّنَا افْتَحْ بَيْنَنَا وَبَيْنَ قَوْمِنَا بِالْحَقِّ وَأَنْتَ خَيْرُ الْفَاتِحِينَ، رَبَّنَا إِنَّا فِي الدُّنْيَا . حَسَنَةٌ وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةٌ وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ. بِرَحْمَتِكَ يَا أَرْحَمَ الرَّاحِمِينَ وَالْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ